

Élections

Montréal



Eleksyon Jeneral

Dimanch, 2 Novanm 2025

Eleksyon minisipal yo nan Monreyal yo fèt pou eli:

- Majistra Vil la
- Majistra nan awondisman w lan
- Konseye Minisipal yo
- Konseye Awondisman yo

Eleksyon minisipal yo fèt pou eli moun ki pral reprezante w nan Konsèy Minisipal la ak nan Konsèy Minisipal la jiska 2029.

1. Verifye enskripsyon ou

Verifye si w byen enskri pou vote.

Vizite elections.montreal.ca oswa kontakte nou.

Ki moun ki ka vote?

Pou yon moun vote, li dwe enskri sou lis elektoral la.

Kondisyon sa yo dwe satisfè pou enskripsyon:

1. Gen omwen 18 ane nan dat 2 novanm 2025
2. Se yon sitwayen kanadyen
3. Pa t legalman entèdi pou vote
4. Satisfè youn nan de kondisyon sa yo:
 - Domisile nan Montréal epi rete Québec depi omwen 2 me 2025.
 - Depi 18 septanm 2025, se pwopriyetè oswa ko-pwopriyetè yon bilding, oswa okipan oswa ko-okipan yon etablisman biznis ki sitye nan limit vil Montréal.

2. Enskri sou lis elektoral la

Pa pita pase 16 oktòb

Kijan pou enskri si ou poko enskri

AN PÈSÒN

Ale nan yon **Komisyon Revizyon ant 11 ak 16 oktòb**. Vizite elections.montreal.ca oswa kontakte nou.

SOU ENTÈNÈT

Ranpli fòmilè sou entènèt epi pran yon randevou sou ***elections.montreal.ca***. Yon manm ekip nou an ap kontakte w pou pale w de pwochen etap yo.

Lè w rive nan randevou w la, ou dwe konekte atravè **Microsoft Teams** epi aktive kamera ak mikwofòn ou.

Si ou pa ka deplase pou rezon sante, vizite ***elections.montreal.ca*** oswa kontakte nou.

Pou nenpòt kesyon sou fason pou enskri sou lis elektoral la, kontakte nou.

Aprè 6è nan aswè 16 oktòb 2025 la, li p ap posib pou enskri, e pakonsekan, pou vote ankò.

3. Rete Enfòme

Pozisyon ki disponib ak kandida yo

Tcheke lis kandida ki nan distri w la epi gade deskripsyon yo, ki rezime prensipal priyorite yo, sou ***elections.montreal.ca***.

Planifye vòt ou a

Vizite sit entènèt nou an byento pou w konnen ki kote ou ka vote. Ou pral resevwa avi Lè pou vote a pa lapòs ak dat ak lokal biwo vòt ou a ye.

DAT ENPÒTAN:

Jou Eleksyon:

Dimanch 2 Novanm 2025, soti 10 a.m. pou rive 8 p.m.

Ou ka vote alavans:

- **Dimanch 26 Oktòb 2025, soti midi pou rive 8 p.m.**
- **Vote nan Biwo Elektoral ki nan awondisman w lan: 24, 27, 28 ak 29 Oktòb**

Etidyan Cegep ak inivèsite

Tcheke lis enstitisyon ki kalifye yo ak orè biwo vòt yo sou ***elections.montreal.ca***

Ou ka vote la nan dat **24, 27, 28 ak 29 Oktòb**.

Vòt pou moun ki gen limit pou deplase

Si ou pa kapab vwayaje pou ale vote akòz rezon sante, kontakte nou pou mande pou vote lakay ou. Ou genyen jiska **16 Oktòb a 6 p.m.** pou fè demann ou an.

Vòt nan Rezidans Prive pou Granmoun Aje yo

Biwo vòt yo ap louvri tou nan rezidans prive pou granmoun aje ki kalifye yo samdi 25 oktòb la.

Vizite ***elections.montreal.ca*** pou wè lis rezidans ki kalifye yo.

4. Vote

Anvan ou ale nan biwo vòt la

Pote kat asirans sante ou, lisans chofè ou, Sètifika Estati Endyen ou, Kat Idantite Lane Kanadyen ou oswa paspò ou.

Pote tou avi Lè pou vote ou a, ki endike ki lè ak ki kote pou vote.

Nan biwo vòt la

Fè anlwaye nou yo konnen si ou gen nenpòt kesyon. N ap kontan ede ou.

Travay nan Eleksyon yo – Wi, li posib!

Apati laj 15 an

Gen plizyè pozisyon peye ki disponib pou eleksyon minisipal la.

Pou travay nan eleksyon an, ou dwe gen yon Nimewo Asirans Sosyal epi ou dwe gen aksè a yon adrès imel ki valab.

Aplike sou entènèt nan elections.montreal.ca

Aksè Inivèsèl

Pou nenpòt kesyon sou mezi aksè nou yo, vizite elections.montreal.ca oswa kontakte nou.

Dokiman sa a disponib tou sou entènèt nan plizyè lang, an fransè senplifye, an fòm aodyo, ak an Bray.

Eleksyon yo enpòtan pou jèn yo tou!

Nan Sant Vòt pou Timoun yo, timoun ak adolesan yo ka aprann sou vòt la lè yo reponn yon kesyon ki fèt espesyalman pou yo.

Kontakte nou

514 872-VOTE (8683)

elections@montreal.ca

elections.montreal.ca

